



NEWS RELEASE

COMMUNIQUE DE PRESSE

CONTACTER : Marie Rosy Kesner AUGUSTE DUCENA
PHONE : (509)2940-1222 / 3755-9591 / 3463-4192
Cell : (509) 3782-2897

Yon lòt gè nan Site Solèy : RNDDH mande pou lapolis fè entèvansyon l prese prese

1. 7 jiyè 2022, bò 3 zè nan maten, gwoup gang *G-9 an Fanmi e Alye* atake nan *Bwouklin*, youn nan 3 gwo blòk nan Site Solèy.
2. Daprè enfòmasyon RNDDH rive jwenn, atak tou nèf sa fèt nan lide pou *G-9 an Fanmi e Alye* pran kontwòl nan *Bwouklin* nan men Gabriel Jean Pierre alias Ti Gabriel ouswa Gabo ki se chèf gwoup gang *G-Pèp* ki anfas *G-9*.
3. Nan sans sa, chèf gang *G-9 an Fanmi e Alye* Jimmy Cherizier alyas Barbecue te mete ansanm ak akolit li yo, tankou Matias Saintil chèf gang nan *Boston*, Andrice Iscard chèf gang nan *Belehou*, Tyson Samedy chèf gang nan *Rakèt*, Serge Alectis alyas Ti Junior chèf gang *Lasalin*, Micanor Altès ouswa Monel Felix alyas Wa Mikanò chèf gang *waf jeremi* epi Kenley k'ap dirije gang *Nan Tokyo* nan *Delmas 2*, pou atake Ti Gabriel chèf gang nan *Bwouklin*.
4. Pou yo ka pi byen mennen gè sa, Sant Nasyonal Ekipman (CNE) bay mesye *G-9* yo plizyè gwo machin, traktè pou kraze kay epi fouye tou pou sèvi pasaj pou rive jis nan fyèf chèf gang Gabriel Jean Pierre.
5. Daprè premye bilan yo, gen anpil viktim :
 - Pou pi piti gen 89 moun ki mouri epi gen 16 lòt ki disparèt. Pami moun ki mouri yo, gen 21 ki boule ;
 - Gen 74 moun ki blese ak bal oubyen ak kout manchèt ouswa kouto ;
 - Anplis, bandi *G-9 an Fanmi e Alye* kraze oubyen boule 127 kay.

6. RNDDH ap fè nou sonje, depi lè *G-9 an Fanmi e Alye* fin kreye nan lane 2020 an, pa janm gen yon mwa ki pase san pa gen yon atak nèg ak zam nan peyi a. Se depi lè sa tou, *G-9 an Fanmi e Alye* ap batay pou pran kontwòl *Nan Bwouklin*. Nan sans sa gen 3 atak ki gentan fèt deja:

- Premye atak la te fèt 23 pou rive 27 me 2020. Lè sa te gen 34 moun ki mouri ladan yo 3 timoun ak 6 fanm. Te gen 10 moun blese ;
- Nan mwa jen ak jiyè 2020, gen yon lòt batay ki te fèt. Te gen 111 moun mouri pami yo 12 fanm ak 2 timoun. Te gen 48 moun ki disparèt, 20 blese ak 17 fanm ak yon tifi ki te sibi kadejak. 6 kay pou pi piti te boule ;
- Soti janvye pou rive me 2021, 44 moun pèdi lavi yo pami yo 11 fanm. 7 moun disparèt, 15 lòt blese, 1 fanm sibi kadejak ak 3 kay ki te boule.

7. RNDDH kritike konpòtman premye minis defakto Ariel Henry ak tout ekip li a ki kontinye ap itilize gang pou fè tout moun pè epi pou kenbe pouvwa yo. Anplis, RNDDH denonse lapolis ki pa fè anyen pou sekirize ak pwoteje popilasyon an. Depi fen ane 2021 an, gang yo vin pi awogan, pi pisan epi yo pa janm manke zam ak katouch.

8. Nan tout ankèt RNDDH fè, rezilta yo toujou montre se popilasyon sivil la ki toujou viktim nan atak gang yo. Ladan yo nou jwenn granmoun, timoun, tibebe ak moun andikape. Lè konsa anpil fanmi blije kite kay yo ak tout sa yo posede.

9. Jounen jodia, RNDDH kwè li lè li tan pou moun k'ap dirije yo sispann nan zanmitay ak bandi epi sispann ba yo lajan, zam ak katouch.

10. Boutofen, RNDDH prezante kondoleyans bay tout viktim nan popilasyon Site Solèy la ki te deja ap viv nan move kondisyon.

Pòtoprens, 13 jiyè 2022